# MEKTEPKE SHEKEMGI JASTAǴI BALALARDI ÚLKENLER MIYNETI MENEN TANISTIRIW USILLARI

**Elmuratova Úmida Asqarbay qızı**
*Nókis innovaciyalıq instituti Mektepke shekemgi tálim bağdarı 2-kurs talabası*
umidaelmuratova4@gmail.com

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15080016

***Annotatsiya:*** *Ósip kiyatırğan jas áwladtı tárbiyalawğa jantasıw bul ádep-ikramlılıq tárbiyanıń áhmiyetli wazıypası esaplanadı. Hár bir bala mektepke shekemgi jasınan baslap miynette qatnasıwı zárúr. Maqalada bala turmısında miynettiń áhmiyeti haqqında sóz boladı.*

***Tayanish sózler:*** *mektepke shekemgi bilimlendiriw sisteması, bala tárbiyası, miynet, oyın iskerligi.*

Keyingi jılları mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasına bir qansha joqarı dárejede itibar qaratıldı. Álbette bul biykarğa emes, sebebi Prezidentimiz tárepinen Mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın túp-tiykarınan jetilistiriw boyınsha mámleket kóleminde ámelge asırılıp atırğan jumıslar keleshek áwladtı hár tárepleme intellektual qábiletke iye bolğan shaxslar bolıp jetilisiwine tiykar tayarlaydı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminiń tárbiyasın kórgen balanıń sanası, dúnyaqarası qanday joqarı bolatuğının búgin kimge bolsa da dálillep beriwdiń, oylayman hesh qanday keregi joq"[1] deydi - elbasshımız Sh.Mirziyoev

Balalar mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde, shańaraqta orınlanatuğın hárbir onsha quramalı bolmağan tapsırma oniń kúndelikli wazıypasına aylanıwı kerek. Miynet sonda ğana belgili bir tárbiyalıq tásir kórsete aladı hám balalar miynettiń mánáwiy mánisin ańlap alıwına tayarlap barıladı. Mektepke shekemgi jastağı balalar úlkenlerdiń miynetine qızığıwshılıq penen qaraydı, óz oyınlarında hám ómirinde olarğa elıkleydi, ózinshe bir nárse islewdi qáleydi. Olar jeti jasına shekem ózine-ózi xizmet kórsetiw, tártip-intizam hám tazalıqtı, ósimliklerdi tárbiyalaw boyinsha onsha quramalı bolmağan miynet kónlikpelerin ańsat úyrenip aladı.

Balalar baqshası jumısında miynet tárbiyasın ámelge asırıwdıń óz qıyınshılıqları bar: úlkenler miynetiniń úlken bólegi balalardıń kóz aldında ámelge asırılmaydı. Sonıń ushın mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde isleytuğın úlkenler miynetin olarğa jaqınlastırıw jolların izlep tabıw, balalarda miynet kónlikpelerin qáliplestiriwde úlkenler miynetiniń balalardıń rawajlanıwına tásiri sheksiz. Balalardıń aldında úlkenlerdiń miyneti haqqında sóz etkende, biz yaki islengen miynet nátiyjesi (yasalğan buyım, jıynalğannan keyingi tártip hám tazalıq,

juwılǵannan keyingi tazalıq hám basqalar) yamasa anıq miynet háreketleri balalar ushın jeterli dárejede kórgizbeli bolıwın názerde tutamız.

Balalardı úlkenler miyneti menen tanıstırıwda tárbiyashılar, ádette, visual usılların paydalanadı, olardı awızeki (gúrrińler, sáwbetler) menen sheberlik penen birlestiredi; úlken balalar menen islewde olardıń úlesi kóbeyiwi múmkin. Awızeki usıllar arasında balalar kórkem ádebiyatınan paydalanıw ayrıqsha orın tutadı.

Miynet tárbiyasına úlkenler miyneti menen tanıstırıwǵa jańasha jantasiw balalar tárepinen ielengen bilim, kónlikpe hám tájiriybelerdı ámeliyatta qollay alıwın támiynlewge alıp keledi. Búgingi kúnde miynet tárbiyasınıń strukturalıq dúzilisi de ózgermekte, ol ózinde texnika hám texnologiyalardı túsiniw, ámeliy wazıypalardı sheshiw kónlikpesi artadi.

Miynet tárbiyasında úlkenler miyneti menen tanıstırıwdıń maqseti miynetke salıstırǵanda sanalı múnásibetti qáliplestiriw hám kásip-óner haqqındaǵı túsiniklerin qáliplestiriw hám de qızıǵıwshılıǵın oyatıwdan ibarat.

Miynet tárbiyası arqalı balalardı úlkenler miyneti menen tanıstırıwdıń wazıypaları tómendegishe:

1. Úlkenler miynetiniń mánisin túsindiriw arqalı balalarǵa miynettiń shaxs kámilligi hám jámiyet rawajlanıwındaǵı rolin túsindirip beriw;

2. Insan miyneti hám de miynet ónimi bolǵan materiallıq hám ruwxıy baylıqlardı qádirlew, qásterlep saqlawǵa úyretiw;

3. Miynetke baylanıslı xoshametlewdi, sonday-aq, muhabbattı oyatıw;

4. Balalardıń miynetke sociallıq minnet sıpatında qatnasların júzege keltiriw;

5. Úlkenler miyneti menen tanısıw arqalı miynet iskerligin shólkemlestiriwge sanalı tárizde, hújdanlı jantasiwdı ádetlendiriw;

6. Miynet iskerligin jámáátlik tiykarda shólkemlestiriw;

7. Miynetti ilimiy tiykarda shólkemlestiriw baǵdarında miynet kónlikpesi hám mamanlıǵın arttırıw qáliplesiwdi júzege keltiriw;

8. Balalarda miynetsúyiwshilik pázıyletlerin tárbiyalaw; úlkenler miynetiniń nátiyjesinen maqtanısh sezimin qáliplestiriw;

9. Belgili kásip-óner sırların ózlestiriwge erisiw hám basqalar.

Úlkenler miyneti menen tanıstırıw procesinde balalarda miynet mádeniyatınıń elementlerin úyreniw payda etip barıw áhmiyetli talaplardan biri bolıp esaplanadı. Miynet mádeniyatı - orınlanıp atırǵan jumısqa sanalı múnásibette bolıw, onı ilimiy jaqtan durıs shólkemlestiriliwi (puqta rejelestiriw, waqıttan únemli paydalanıw), jumıs ornın taza tutıw, miynet (jumıs) qurallarına abaylı bolıw múnásibette bolıw, baslanǵan istiń nátiyjesi, onıń nátiyjeli bolıwına erisiwge baǵdarlanǵan iskerlik

kórsetkishi bolıp tabıladı. Miynet mádeniyatı túsinigi ózinde jáne balanıń óz betinshe háreket alıp barıwın, miynet etiwin hám dem alıwın durıs shólkemlestire alıwın da sáwlelendiredi.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalar ushın miynet táliminiń tiykargı wazıypalarınan biri úlkenler jumisi menen tanısıw hám oǵan húrmetti rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Balalar baqshasınan baslap balalar ápiwayı qurallardan paydalanıwdı, hár túrli materiallardıń qásiyetlerin úyreniwdi, óz-ózin tárbiyalaw kónlikpelerin iyelewdi, toparda tazalıq hám tártipti baqlawdı, gúllerge qarap júriwdi, stollardı ornatıwdı, oyınshıqlardı tazalawdı úyrenedi. Úyde, olar turaqlı hám waqtınsha orınlanıwı múmkin bolǵan wazıypalardı orınlaw arqalı ata-analarǵa járdem beredi. Balalardı miynet tárbiyasında shańaraq, ata-analar mısalınıń bekkemligi áhmiyetli rol oynaydı. Ata-analar óz qánigeligi boyinsha tabıslı isleytuǵın, óz kásibin súyetuǵın hám balalarǵa miynet haqqında bilim beriwshi shańaraqlarda miynet tálimi ushın qolaylı sharayatlar jaratılǵan. Ata-analar óz miynet wazıypalarına hújdanlı múnásibette bolıwı, basqalardıń miynetine bolǵan húrmet balalarǵa júdá úlken tásir etetuǵının tereń ańlawı kerek. Kúshli jumis ortalıǵı, úlkenlerdiń jeke úlgisi bala ushın júdá áhmiyetli xoshamet bolıp esaplanadı. Balalar miynetiniń áhmiyetli belgisi onıń belgili bir maqsetke qaratılǵanlıǵı bolıp esaplanadı. Baqsha jasındaǵı balalardıń qanday da bir processke baylanıslı háreketi bolıp, ol tek ǵana úlkenlerdiń basshılıǵı nátiyjesinde ámelge asırılıwı múmkin. Mektepke shekemgi jas dáwiriniń ózine tán táreplerinen balalar miynetiniń oyın menen baylanıslı ekenligi bolip esaplanadi.

Oyın procesinde qandayda bir háreket bárqulla qandayda bir miynet procesin sáwlelendiriwge baǵdarlanǵan boladı. Ekinshi tárepten, miynet procesin orınlawda oni oyın formasına aylandıradı. Sonıń menen birge óziniń qásiyeti, mazmunı, júzege keliw sebebine qaray miynet hám oyın bir-birewınen parıq qıladı. Miynette maqset qoyıladı, onı ámelge asırıw, nátiyjege erisiw ushın sharayat jaratıladı, qurallar izlep tabıladı. Oyinda bolsa balalar úlkenlerdiń miynet iskerligin elıkleydi. Oyında miynet sıyaqlı qandayda bir anıq nátiyjege erisilmeydi, biraq ol miynet sıyaqlı balalarǵa quwanısh baǵıshlaydı, olar ózlerinde qanaatlanıw sezimin payda etedi.

Mektepke shekemgi jastaǵı balalar miynetiniń tiykargı túri óz-ózine xizmet bolip tabıladı. Bul kishkene balalar ushın birqansha mashaqatlı jumıs. Sonıń ushın bul jastaǵı balalardı miynettiń bul túrine úyretiwde kóbinese oyın jaǵdaylarınan paydalanıladı. Dáslep balalar oyın obrazı arqalı miynetke úyretiledi. Usı arqalı balalar isenim menen háreket etiwdi úyrenedi. Áste-aqırın bul jastaǵı balalarda ózine-ózi xızmet etiw kónlikpeleri qáliplesip baradı.

Mısalı, úlken topar balaları jámáát bolip náwbetshilik etedi. Bunda bir bala stolǵa dasturxan jazıp shıǵarsa, ekinshisi qasıq hám vilkalardı qoyadı, úshinshi bala ótirǵishlardi qoyadı, tórtinshi bala stolǵa nanlardı qoyadı. Mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkeminde náwbetshilikke úyrengen balalar shańaraqta da járdemlesedi.

Ulıwma, orta hám úlken jastaǵı baqsha balalarına shańaraqta qolı jetetuǵın miynet tapsırmaların beriw kerek. Bul olardı miynetkeshlikke tárbiyalawda hám olarda ayırım miynet kónlikpelerin payda etiw ushın júdá úlken imkaniyatlar jaratadı. Sociallıq paydalı miynette qatnaspaǵan balanı keyin ala miynetke tartıw júdá qıyın boladı. Baqshada balalar tartılatuǵın miynet iskerliginiń túri júdá kóp. Mısalı, ilim, pán hám tábiyat orayındaǵı ósimliklerdi tárbiyalaw, baqsha maydanshasında islew, asxanada hám toparda náwbetshilik etiw, kishkentaylardı kiyindiriwge járdem beriw hám basqalar. Sonı da aytıp ótiw kerek, kishi jastaǵı baqsha balaları ózleriniń miynet iskerligin ele jolǵa qoya almaydı. Sonıń ushın olar miynettiń júdá apiwayi túrleri menen, yaǵniy ósimliklerge suw quyıw, balıqlarǵa awqat beriw hám t. b.

Orta hám úlken topar balaları miynet iskerligin oyınnan pútkilley ajıratıp, oǵan qatań múnásibet ete baslaydı. Olar miynetten kelip shiǵatuǵın nátiyjeni, yaǵniy miynettiń sociallıq mánisin, kim ushin, ne ushin miynet etiw kerekligin túsinedi. Olar úlkenlerdiń shańaraqtaǵı úy-ruwzıgershilik jumıslarına úlken qızıǵıwshılıq penen qatnasadı, kishkentaylar ushın qaǵazdan, kartonnan hám plastilinnen hár túrli oyınshıqlar isleydi.

Juwmaqlap aytıw múmkin, pedagogikalıq jaqtan duris shólkemlestirilgen miynet iskerligi balalardıń hár tárepleme yaǵnıy fizikalıq, estetikalıq hám ádep-ikramlı jaqtan bárkamal rawajlanıwına júdá úlken tásir etedi.

**Paydalanilǵan ádebiyatlar:**

1. O`zbekiston Respublikasi Prezidenti Mirziyoyev Shavkat Miromonovichning O`zbekiston Respublikasi Konstitutsiyaning 25-yilligiga bag`ishlangan "Konstitutsiya — erkin va farovon hayotimiz, mamlakatimizni yanada taraqqiy ettirishning mustahkam poydevoridir" nomli ma'ruzasidagi nutqidan
2. "Ilk qadam" o'quv dasturi 2018-yil 7-iyul
3. O'zbekiston Respublikasining "Maktabgacha ta'lim va tarbiya to'g'risida"gi O'RQ-595- sonli Qonuni.16-dekabr,2019-yil.
4. F.R.Qodirova, R.M.Qodirova. Maktabgacha ta'lim konsepsiyasi.-T., "Fan va tehnologiya". 2011.Ф. Р.
5. Maktabgacha ta'lim tizimiga doir huquqiy- meyoriy hujjatlar to'plami.-T.,«LIDER PRESS», 2009.